

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan nganalisis ngeunaan salah sahiji karya sastra Sunda anu judulna *Wawacan Jayayayala*. Wawacan anu ditalungtik lain tina wangun naskah asli, tapi mangrupa hasil transkripsi. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif, kalayan métode déskriptif, sarta téhnik studi pustaka. Analisis dina ieu wawacan ngawengku tilu aspék nya éta struktur formal, struktur naratif, jeung étnopédagogik.

- 1) Analisis struktur formal ngawengku dua bagian, nya éta struktur dumasar pidangan jeung patokan pupuh. Dumasar kana pidangan, *Wawacan Jayalalana* kabagi kana opat bagian anu ngawengku judul, manggalasastra, kisahan, jeung kolofon. Judul ieu wawacan luyu jeung eusi caritana, sabab anu digambarkeun dina ieu wawacan téh ngeunaan lalampahan hirup Jayalalana. Manggalasastra atawa bubuka tina ieu wawacan aya dina pada kahiji nepi katilu. Dina ieu bagian disebutkeun alesan anu nulis nyusun ieu wawacan téh nya éta pikeun ngeusian waktu. Salian ti éta dina bubuka gé ngagambarkeun harepan ti nu nulis sangkan ieu wawacan bisa méré mangpaat pikeun nu maca. Satulunya, dina ieu bubuka disebutkeun ieu carita téh dimimitian ti hiji nagara nya éta nagri Cempala, anu dipimpin ku hiji raja nya éta Jayasumerat.

Analisis struktur formal anu kadua nya éta dumasar kana patokan pupuh anu ngawengku guru wilangan jeung guru lagu, sasmita, sarta watek pupuh. Ilaharna, dina hiji wawacan teu ngagunakeun sakabéh pupuh anu tujuh belas. Kitu ogé dina ieu wawacan, pupuh anu dipakéna aya sabelas nya éta (1) asmarandana, (2) balakkak, (3) dangdanggula, (4) durma, (5) kinanti, (6) magatru, (7) maskumambang, (8) mijil, (9) pangkur, (10) pucung, jeung (11) sinom. Sanggeus dianalisis dumasar kana aturan guru wilangan jeung guru lagu, pupuh anu aya dina ieu wawacan kabagi jadi dua bagian, nya éta pupuh anu luyu jeung teu luyu. Pupuh anu luyu nya éta asmarandana, kinanti, magatru, maskumambang, jeung pangkur. Sok sanajan luyu jeung aturan, tapi dina lima pupuh ieu téh kapanggih ayana sawatara kasalahan, utamana dina

guru wilangan. Pupuh anu teu luyu jeung aturan nya éta pupuh-pupuh anu katitén yén kasalahanana dina pada anu sarua jeung ayana ampir dina sakabéh pada. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén anu nulis miboga patokan sorangan dina nulis pupuhna. Pupuh anu teu luyu atawa anu miboga patokan sorangan dina ieu wawacan nya éta balakbak, dangdanggula, durma, mijil, pucung, jeung sinom. Salian ti guru wilangan jeung guru lagu, struktur formal pupuh ngawengku analisis watek jeung sasmita. Analisis watek pupuh dina *Wawacan Jayalalana*, nuduhkeun ampir sakabéh watekna pupuh anu aya dina ieu wawacan luyu jeung aturan iwal ti dangdanggula. Pupuh Dangdanggula dina wawacan teu sakabéhna ngagambarkeun kabungah, sabab dina dangdanggula anu kahiji ngagambarkeun kaprihatinan Jayalalana anu diapilain ku bapana, Sasmita pupuh anu kapanggih dina *Wawacan Jayalalana* ampir sakabéhna mangrupa kecap-kecap anu nuduhkeun pupuh anu dipaké satuluyna.

- 2) Struktur naratif anu dianalisis dina ieu wawacan ngawengku lima aspék, nya éta galur, palaku, latar, motif, jeung téma. *Wawacan Jayalalana* ngawengku sapuluh épisodeu, anu ditangtukeun dumasar kana tahapan jeung waktu kajadian. Dumasar kana tahapan jeung waktuna, galur ieu wawacan kaasup kana jenis galur *progrésif* (maju/mérélé). Palaku dina ieu wawacan kabagi kana tilu bagian, nya éta palaku ti bangsa manusa, ti bangsa mahluk goib, jeung ti golongan sato. Jumlah sakabéh palaku dina ieu wawacan aya 47, ti golongan manusa 35, ti golongan goib anu ngawengku jin jeung buta aya 8, sarta 4 ti kalangan sato. Dumasar kana kalungguhan/peran, palaku utama dina ieu wawacan nya éta Jayalalana, anu aya ampir dina sakabéh épisodeu. Sedengkeun palaku lianna kaasup kana palaku tambahan ku sabab ngan aya dina sawatara épisodeu.

Latar anu dianalisis dina ieu wawacan ngawengku tilu bagian, nya éta tempat, waktu jeung kaayaan. Latar tempat dibagi kana dua, nya éta latar di jero jeung di luar karajaan. Karajaan anu disebutkeun dina ieu wawacan nya éta Cempala, Tanjung Pura, Tanjung Puri, Tunjungbang, Dermis, Centaka Pura, Angun-angun, Tunjung sari jeung Lokagiwa. Ieu karajaan téh aya nu disebutkeun sacara rinci patempatan anu aya di jerona, aya ogé anu henteu. Karajaan anu teu disebutkeun sacara rinci nya éta Angun-angun jeung

Tanjung Sari. Patempatan anu aya di jero karajaan leuwih loba tibatan nu di luar karajaan. Patempatan anu disebutkeun ampir di sakabéh karajaan nya éta paséban jeung alun-alun. Latar tempat di luar karajaan di antarana nya éta sisi gunung, leuweung, jeung gunung Jahat. Latar di luar karajaan anu sering disebut nya éta leuweung. Latar waktuna anu kapanggih nya éta latar waktu sapoé sapeuting, latar waktu dumasar lilana (*durasi*), jeung sesebutan waktu séjén. Di antara tilu klasifikasi waktu, waktu sesebutan séjén anu paling loba disebutkeun. Latar kaayaan anu kapanggih nya éta kaayaan tempat jeung kaayaan haté jalma. Latar kaayaan anu paling loba kagambarkeun dina carita nya éta ngeunaan kaayaan haté jalma.

Motif anu aya dina ieu wawacan kabagi jadi lima, nya éta ngalahirkeun anu teu ilahar, motif néangan manuk, motif ngalaksanakeun wasiat, motif lalampahan, motif ngubaran, jeung motif kawin. Motif anu panglobana anu dipaké pikeun ngagerakkeun carita dina ieu wawacan nya éta motif dina ngalaksanakeun wasiat.

Téma umum tina ieu wawacan nya éta ngeunaan kamanusaan, utamana pikeun ngagambarkeun cara pikeun jadi jalma anu luhung. Téma umum ieu téh ngawengku téma-téma husus anu kagambar dina eusi carita, di antarana nya éta kulawarga, nyiar élmu pangaweruh jeung pangalaman hirup, nedunan/ngalakasanakeun amanat, sarta tutulung ka batur,

- 3) Ajén étnopédagogik anu dianalis nya éta ngeunaan moral kamanusaan anu ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngudag kasugemaan lahir jeung batin.
 - a) Sikep-sikep anu nuduhkeun ayana moral manusa ka Pangéran dina ieu wawacan téh nya éta iman, tawakal, sarta taat dina ngalaksanakeun paréntah jeung saréat agama (takwa).
 - b) Moral manusa ka pribadi sacara lahir anu kagambar dina ieu wawacan nya éta nyumponan pangabutuh lahir (awak), mandi, jeung dangdan. Sedengkeun pikeun moral manusa ka pribadi sacara lahir digambarkeun ngaliwatan pasipatan tokoh nu bageur, tanggung jawab,

ludeung dina bebeneran, wijaksana, jembar pangaweruh, bisa dipercaya, jeung nyaah ka lemah cai.

- c) Moral manusa ka manusa anu kapanggih dina ieu wawacan nya éta sikep silih ajénan, silih mikanyaah, jeung silih tulungan.
- d) Moral manusa ka alam anu kapanggih dina ieu wawacan nya éta ayana tarékah pikeun ngamangpaatkeun alam, di antarana salaku ubar jeung kadaharan.
- e) Moral manusa kana waktu mangrupa sikep manusa kana ngamangpaatkeun waktu, di antarana ku cara ngatur waktu pikeun ibadah, nedunan pangabutuh awak jeung ngalaksankeun pancén.
- f) Tina ieu wawacan katitén ayana sawatara cara anu dilakukeun ku palaku dina carita pikeun nedunan kasugemaan lahir jeung batin, nya éta ku ngayakeun hajat, kawin, jeung nedunan pangabutuh diri.
Ajén moral anu panglobana nya éta ngeunaan moral manusa ka pribadi, hususna anu aya patalina jeung sikep hadé anu nyampak dina palaku.

5.2 Rékoméndasi

Nilik kana hasil panalungtikan *Wawacan Jayalalana* dumasar kana ulikan struktural jeung étnopédagogik, saran anu patali jeung ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun pamaréntah dina ngajaga tur ngariksa karya sastra heubeul anu miboga ajén luhung.
- 2) Ieu panalungtikan salah sahiji tarékah pikeun mikanyaho jeung mertahankeun ajén-ajén étnopédagogik anu bisa méré hal anu positip pikeun masarakat.
- 3) Ieu panalungtikan ngan saukur jadi salah sahiji jalan pikeun ngayakeun panalungtikan anu leuwih teleb deui. Lantaran, masih loba ajén-inajén anu nyangkaruk dina ieu wawacan anu masih perlu diguar.